

# RESOUS POU IMIGRAN KI SE VIKTIM YON ZAK KRIMINÈL

Haitian Creole



## Mwen se yon imigran - ki dwa mwen genyen si mwen te viktim yon zak kriminèl?

### Ou ka pote plent pou zak kriminèl la.



Si ou te viktim oswa temwen yon zak kriminèl, oswa ou pa fin sèten, kontakte NYPD. Polisye yo pa poze kesyon sou sitiyasyon ak imigrasyon ba moun ki viktim oswa temwen zak kriminèl, oswa lòt moun ki mande èd. Epi tou, ou ka mande pou pale ak yon reprezantan Pwogram Asistans Viktim Zak Kriminèl (Crime Victim Assistance Progra, CVAP) nan nenpòt komisarya polis.

**Pou sitiyasyon ki gen yon ijans, tanpri rele 911.**

**Pou sitiyasyon ki pa gen yon ijans, rele 311 epi mande pou yo konekte ou ak komisarya pou zòn ou a.**

### Ou ka jwenn èd.



Anpil ajans leta Minispalite Vil New York bay sèvis gratis pou rezidan New York ki nan nesesite yo, tankou chèlètè ann ijans, konsèy, swen sante, gadri ak lòt sèvis pou fanmi. **Rele nan 311 pou jwenn plis enfòmasyon sou sèvis sa yo.**

Si w te yon viktim vyolans domestik oswa vyolans poutèt ou se fi oswa gason, **rele Liy Dirèk Vyolans Domestik Vil New York la nan 1-800-621-HOPE (4673) pou yo ka planifye sekirite ou san pèdi tan, pou jwenn èd ak chèlètè, ak lòt resous toujou, 24 trè sou 24, 7 jou sou 7. Pou TDD, rele 1-866-604-5350.**

Epitou ou kapab ale nan nenpòt Sant Jistis pou Fanmi Vil New York pou jwenn èd gratis ak konfidansyèl, tankou planifikasyon sekirite, konsèy ak jistis penal, sèvis jiridik dwa sivil ak sèvis sosyal - tout yon sèl kote a. **Al gade nan [nyc.gov/NYCHOPE](http://nyc.gov/NYCHOPE)** pou jwenn yon Sant Jistis pou Fanmi ak lòt resous kominote ki nan zòn ou an.

# RESOUS POU IMIGRAN KI SE VIKTIM YON ZAK KRIMINÈL

Haitian Creole

**NYC**  
Mayor's Office of  
Immigrant Affairs

**NYC**  
Mayor's Office to  
End Domestic and  
Gender-Based Violence

## Mwen se yon imigran - ki dwa mwen genyen si mwen te viktim yon zak kriminèl?

### Ou ka jwenn enfòmasyon sou chwa ou genyen nan zafè imigrasyon.



Gen posiblite pou kèk imigran ki te viktim zak kriminel grav, tankou vyolans domestik, kadejak, trafik moun, jwenn viza espesyal ki rele viza U ak viza T yo. Viza U (pou viktim zak kriminel grav) ak viza T (pou viktim trafik moun) pwoteje viktim ki ede lapolis detekte, menen ankèt oswa pouswiv moun pou zak kriminel sa yo.

**Pou jwenn plis enfòmasyon, al gade nan [nyc.gov/immigrants](https://nyc.gov/immigrants) epi chèche «Crime Victims» (Viktim Zak Kriminèl).**

**Resous sa yo disponib nan plizyè lang.**

### Viza U ak viza T yo:

- Bay papyè imigrasyon tanporè ki ka renouvle.
- Pèmèt ou aplike pou yon pèmi travay.
- Pèmèt ou aplike pou estati tanporè pou sèten moun nan fanmi ou.
- Pèmèt moun ki gen viza U / T ak sèten moun nan fanmi yo aplike pou yon kat rezidan pèmanan (sa yo rele «grinkat» lan).
- Bay kalifikasyon pou Asistans Lajan Kach, Medicaid, ak divès lòt avantaj piblik nan Eta New York.

Jwenn èd jiridik imigrasyon Minisipalite vil la finanse pou konnen si ou kalifye pou yon viza U oswa viza T, oswa pou nenpòt lòt avantaj imigrasyon. **Rele nan 311 epi di «ActionNYC» pou pran yon randevou ak yon founisè sèvis imigrasyon ou ka fè konfyans nan kominote ou epi ki pale lang ou.**